

REGIPIOEN LENGGANAN
 SWARA - TAMA :

1 taoen f 6.—
 1/2 " f 3.— } noewoen ka-
 3 woelan f 1.50 } bajar roemijin.
 Kénging mbajar saben woelan

RAGAD ADVERTENTIE :

1 katja f 36.—
 1/2 " f 18.65
 1/4 " 9.75
 1/8 " f 5.25
 Saladjengipoen : saben 1 cm² f 0,03;
 sekedik - kedikipoen : f 1,50.
 Kabar premili alit - alitan : f 1.—
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.

Hoofdredacteur:
 A. DJAJASEPOETRA.
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèspoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA
 Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius“, Djokja.

OEROEN REMBAG.

(Aksara tjekakan sangadjeng nama).

Ing Sw. T. No. 13 tanggal 27 Mrt. wonten goebahan ingkang aserirah „Aksara tjekakan sangadjeng nama.” sarta katandan „D.S. Teoneow.” Menggah ingkang dipoenkersakaken sadèrèk D. S. T. ing salebeting goebahanipoen, para maos kados sampoen boten kekilapan. Bab wontenipoen tjekakan aksara ing sangadjeng nama poenika koela pijambak kok inggih roemaos „kisroeh” jèn koela raosaken. Mila djamanipoen pantjèn saweg kisroeh, dados boten anèh menawi katah barang énggal ingkang oegi teksih kisroeh panindakipoen, poenapa malih barang tiron.

Mangsoeli bab nama poenika waoe. Saking pangendikanipoen para sepoeh: Roemijin saben tijang sampoen rabi, poenika ladjeng pindah nama sepoeh, déné nama alit ladjeng boten ketjatang babar pisan. Wondéné ingkang madosaken nama sepoeh waoe ngadat bakakipoen mawi ngirib-irib namanipoen bapa lan marasepoehipoen, oepaminipoen: bakakipoen pijambak nama Kertapawira, bakakipoen marasepoeh nama Setrawinangoen, poen penganjèn ladjeng dipoenamami Kertawinangoen. Wonten malih: bapa nama Pawiradrana, sadaja anakipoen djalar samangsa rabi sami dipoenamami sepoeh aserirah Pawira. Malah sawenèh wonten ingkang pados nama sepoeh sarana dipoenpétangi neptoening aksaranipoen. Wonten ingkang dipoensepèr kalijan dedeg - pengadegipoen, oepami: tijang ingkang dedegipoen andap-alit jèn dipoenamami Dipamengala sadjak kirang méntjok. Djalaran saking sabab warni - warni boten kirang-kirang tijang ingkang namanipoen sepoeh ngolah - ngalih. Ing djaman semanten pamitoehoenipoen anak dateng bapa teksih sanget, nama peparingipoen tijang sepoeh dipoenanggep kados mesijat.

Dangoe-dangoe ladjeng katah laré ingkang pados nama pijambak, temtoe kémawon milih ingkang dakik-dakik, amargi ngertos jèn namanipoen bakakipoen namoeng nama limrah kémawon, malah ing djaman sapoenika kelantoeipoen ngantos wonten ingkang *prasadat* boten ilok, ngantos saged ambawoeraken. Oepami wonten tijang limrah, gadah pangkat sakedik (dèrèng golongan babaran pamoelangan loehoer) mawi nama sepoeh Soerja-Hadi-Soesanta; wah katik mawi tjekakan aksara kados ingkang dipoenandaraken sadèrèk D. S. T., oepami kémawon R. M. A. (sing sanès Radèn Mas Ario, lo) poenapa boten amblolok! Jèn tjara kina digegoejoe pitik, terkadang dipoléroki ping pitoe likoer. Toedjoenipoen sapoenika sanès djaman kina, djaman sama - rata, dasar pantjèn boten wonten awisan bab pamilihhipoen nama lan panganggénipoen aksara tjekakan sangadjeng nama. Ning oetaminipoen kedah boten nilar doegi-prijogé toewin empan-papan. Poenapa malih bok inggih nganggé tjekakan ingkang kelimrah, tijang terkadang „Soekardi” dipoenjekkak dados S. K. D., Sk. D., oetawi Skd. Ning inggih boten maiben ding, oenda - oesoeking kawroehipoen tijang pijambak - pijambak ingkang mahanani kawontenan makaten waoe. Boten dados poenapa, sokoegi ingkang jasa tjekakan ingkang anèh-anèh waoe ing batos-boten gadah

sedija nijat ambawoer, tjekakan R. M. soepados dipoenwastanana Radèn Mas, ambak-ambing batiné Raphael Mardjan. Nanging sinten ingkang ngertos batosing sanès? Wondéné ingkang nginten Radèn Mas inggih boten lepat: „wong loemrahé wong Djawa koewi koena-mekoena ora nganggo poernam barang, anané poernam barang koewi rak lagi mbing saiki, tiroe-tiroe wong koelonan!” Lo, poenika pabenipoen tijang ingkang ngekahi kolotipoen. Mila djaman wingi-wingi jèn wonten tijang njerat namanipoen: R. Djajasastra, boten wonten tijang takèn: „R. koewi karepé apa?” djalaran ngertos kala semanten tjekakan aksara ingkang kelimrah saweg M., R., R.M., lan seseboetan sanèsipoen. Mila tijang ngamantja inggih sok katah ingkang goemoen: „wong Djawa ki djengéngé tjilik mèh pada kabèh: loepoeté sesirah M., ja R.” La koela inggih sok goemoen wonten Mas Bèi van der Jagt, Radèn Mas Visser, lo semanten poenika jèn aksara-aksara waoe sami kénging koela tegesi sakadjeng koela. Saja goemoen malih sareng sapoenika tjekakan aksara ngembrah, langkoeng-langkoeng ing golongan Kristen oet. Katoelik, wonten R. A. djeboel prijantoe kakoeng. Malah saweg koela soemerep sapisanan koela wastani panjeratipoen kirang „woeloe”: R. A. Soedarsana koela kinten leresipoen R. A. Soedarsini. (Prijantoeipoen ingkang asma mekaten sesoetoe, sampoen dados pengalih, asma pandjenengan namoeng koela anggé oepami).

Saoepami tijang ingkang poernamipoen djoemboeh kalijan tjekakanipoen seseboetan ladjeng dipoenanjana - njana soepados dipoenwastanana: Radèn Mas lan sasaminipoen, poenika kok inggih mesakaken. Tenèh mangké katah tijang ingkang bakoe koemloengkoeng namakaken anakipoen mawi R., nama baptist mawi M. gèk dipoenpilihaken nama sepoeh pisan ingkang sakohoh, wah ndah iba bregasipoen!

Bab ing nginggil poenika pantjèn mila gawat. *Sagedipoen tata boten wor soeh, kedah karembag kalijan para pangagenging darah ing tanah Kedjawèn toewin kalijan Pamaréntah.*

Dados: pangadjeng - adjengipoen sadèrèk D.S.T., tjekakan seseboetan poenika soepados karembaga déning pakempalan ingkang gandèng kalijan patokan panjeratipoen aksara Latin, sarta kanti ambédakaken tjetjek satoenggal lan tjetjek kalih saking pangraos koela badé *sakedik sanget* kasilipoen.

Déné menawi semang - semang anggènipoen peprenahan, dèk oetawi kang, la inggih boten peprenahan kémawon, tiroe bangsa kilèn sakedik. Déné jèn koewatos kesloro, oetawi maékani sadèrèk „sing ora kena kepidak lajangané” jèn tegel — ning jèn tegel lo — menawi saweg nepangaken oepaminipoen ngendika mekaten: Nepangaken koela *Radèn Mas Soenarjoedana Maximilianus Pringgasastrapradjarta*. Jèn satoenggalipoen namoeng mangsoeli: koela *Iskak* ladjeng dipoen-terangna: *mas, dèn, poenapa dèn-mas?* Lo, tijang sepoeh poenika jèn klènta - klèntoe.

Mangga sinten ingkang kersa njobi. Koela namoeng badé ngemping kabar kados-poendi toemin-dakipoen. *Ewoeh - aja.*

PRADJA RAHAJOE.

FILIPPINA LAN INDONESIA.

— Kaserat gandèng kalijan tamoe agoeng G.G. ing Filipina —

Kala 16 Djoeni 1930. Ingkang Witjaksana Goepnoer Djéndral wonten Volksraad ngandikakaken:

Indonesia saja kamanah wonten djagad internasional.

Indonesia, tanah asri, soegih lan „bergerak”, saja katawis dipoen-gatosaken wonten ing kalangan internasional. Manawipandjenengan mriksani „Passagierslijst” wonten

serat-serat kabar Walandi, mangel-teros datengipoen para andon lalana saking mantja dateng Indonesia, andalidir. Para andon lalana waoe wonten ingkang kaoem soedagar, wonten ingkang ahli politik lss. Datengipoen wonten ngriki badé soemerep kawontenanipoen Indonesia ingkang kamisoewoeraken asri wonten poendi-poendi. Kadjawi poenika oegi wonten ingkang nedyja soemerep gebjaripoen Noeswantara tanah djembar angaloek-aloek ingkang kaerèh pradja alit ing talatah ngatas - angin. Temboengipoen sanès: badé soemerep kadigdajanipoen pradja alit Nederland anggènipoen ngerèh djadjahan ageng. Dados badé soemerep wohing pangrèhipoen papréntahan Walandi.

Salebetipoen minggoe kapengker, talatah Indonesia dipoenambah tamoe agoeng. G. G. ing Filipina toewan D wigh F. Davis. Lan Ngahad wingi poenika, boemi Mataram sampoen dipoenidak

G. G. Filipina martamoe dateng Indonesia

Filippina lan Indonesia! Samisami dados bawahing pradja sanès. Filipina dados bawahipoen Amerika, Indonesia bawahipoen Nederland.

Ing dinten martamoenipoen G. G. Filipina poenika, koela ngandaraken sakedik babadipoen tanah djadjahan Filipina. Kénginga kagem tatandingan kalijan Indonesia.

Filippina djembaripoen 115.000 mil pesagi, djawaipoen kirang-langkoeng sawelas mlipoen. Pamedalipoen: karèt, gendis, kamfer, sata, wos, kopra, lss.

Wiwit taoen 1564 tanah Filipina dados djadjahanipoen nagari Sepanjol. Dangoenipoen ngantos tigan abad. Kala semanten agami Katoelik inggih mlebet wonten ing tanah ngrikoe.

Djamanipoen papréntahan Sepanjol wonten nasionalist satoenggal, nama José Rizal, djoemedoel. Nanging ladjeng katjeng, José Rizal poenika kinoendjara, lan kala 27 November 1896 kaeoem drél.

Sapedjahipoen t. José Rizal poenika panggajoh ngoté karmardikan saja nggregoet. Kawontenaning pradja tansah retoe. Kala semanten babantèngipoen barisan kabangsan anama Aguineldo; sapoenika taksih gesang. Aguineldo tansah amboedi-daja kèsahipoen Sepanjol saking Filipina.

Anjarengi lalampahan: Amerika perang kalijan Sepanjol (1898) Aguineldo ladjeng gandèng koentja kalijan Dewey titidih Amerika ingkang pinatah ngajoni barisan Sepanjol ing Filipina.

Pradjanjian Amerika — Sepanjol wonten ing Paris kala taoen 1899 anetepaken oegi Filipina dados darbèkipoen Amerika Sapoenika, Aguineldo ladjeng ambalik mengsah Amerika. Anetepaken wonten republik. Nanging sapinten dajanipoen Aguineldo sarepublik damelanipoen, mengsah Amerika? . . . Sasat timoen mengsah doerèn! Filipina tetep dados bawahipoen Amerika.

Wiwit kala semanten, ladjeng maradjak toewoehing parté-parté ingkang anggajoh Filipina Merdeka. Kawontenaning parté-parté waoe inggih kados ing Indonesia: wonten ingkang atradjang ngoeler kembang, wonten ingkang sarwa rikat. Wonten ingkang revolutionair wonten ingkang evolutionair. Nanging sadaja waoe satoenggal gagajoehanipoen: Filipina Merdeka.

Sampoen sadèrèngipoen taoen 1926 para panoentoen sami ihtijar njoetnggalaken parté alit-alit; sami ngoepados babadan manoggingling parté-parté kabangsan. Parté persatoen makaten poenika oepaminipoen Partido Nacionalista (tn. 1907); Partido Nasiona-

lista Consolidado (1925), Consejo Supremo Nasional (1925).

Dados boten béda kalijan Indonesia, para panoentoen sami damel babadan manoggingling parté-parté kabangsan. Ingkang sapoenika sampoen wonten i. p. P. P. P. K. I.

Saben-saben parté kabangsan ing Filipina angintoenaken wawakil dateng Amerika neda mardikanipoen tanah Filipina. Malah kala woelan Februari taoen 1930 poenika sami ngwontenaken konggrès kamardikan ageng-agengan

Kala taoen 1913, djamanipoen Goepnoer Djéndral Francis Burton Harrison, katingal lamoe - lamoeipoen Amerika sadjak badé angetjoelaken Filipina. Poenika katitik déning maewoe-ewoe katabipoen ambenaren bangsa Amerika ingkang dipoenjopot, ladjeng dipoen-gentosé tijang Filipina pijambak. Kajakanipoen Djéndral waoe: wong Filipina wiwit saiki koedoe diadjadi njekel tanahé déwé. Doemoegi sapriki, pangkat ageng-ageng ing Filipina, katjeng ing bangsa ngrikoe pijambak. Pangageng-pangagenging Departement, House of Representatives (Lagerhuis oet. Parlement), sasat katjeng babar pisan ing tanganipoen bangsa Filipina. Dados boten kados ing Indonesia.

Kala taoen 1916, Washingtong-Congres anetepaken Jones-wet, ingkang kadjawi sanès-sanès mraté-lakaken: „Wong Amerika doewé idam-idaman, samangsa-mangsa gemel mbalèkaké tanah Filipina, waton wong-wong Filipina woes mitajani temenan bisa njekel tanahé.”

President Wilson kala 7 Désèmber 1920 wonten parlement Amerika mraté-lakaken soeraosipoen: „Wong-wong Filipina woes amboektèkaké bisa njekel balé-omahé déwé. Moelané saiki wong Amerika koedoe gemel lan wadjib anetepi kasagoehané sing bijèn-bijèn jaikoe mènèhi kamardikan kang sapranasapréné tansah dianti-anti.

Kala taoen 1920, G. G. Harrison kendel. Kala semanten ladjeng wonten komisi saking Amerika matitisaken Filipina. Komisi waoe moetoes: doeroeng padja padja Amerika bisa ngé-tjoelaké Amerika.

Leonard Wood warganing Komisi waoe boten dangoe béndjing dados G. G. wonten Filipina. Sarta margi anggènipoen damel tetapan doeroeng „padja” waoe dipoen-sengiti tetijang ngrikoe. Kala semanten G. G. kalijang Parlement pasoelajan, ngantos wonten paneda sereng dateng President Goolidge ing Amerika: „Filippina dimardikakaké sanalika, apa Leonard Wood waé sing dilèrèni anggoné dadi G. G.!” L. Wood ladjeng dateng Amerika, anerangaken larah-larahing prakawis satemah taksih dipoenlestantoenaken dados G. G. déning Amerika. Nanging sadèrèngipoen wangsoel dateng Filipina, G. G. Wood waoe katimbalan Pangéran mantoek dateng djaman kalanggengan

Ing ngriki katitik paseksènipoen president Wilson waoe nama kadjabal aloes-aloesan.

Ingkang poenika boten maiben, manawi ladjeng wonten swanten kados ingkang sampoen kawedal kala taoen kapengker. Toean Henry Cabot Lodge poetoe-nipoen Senator Amerika toewan Lodge ingkang kala semanten mentas andjadjah Filipina amakili New York Herald Tribune, njerat wonten serat kabar ing London anama Harpers's Magazine, soeraosipoen wonten ingkang moengel: „Nèk Amerika bandjoer ngoetjoelaké waé tanah Filipina, bakal njoemelangaké toemrap si Far-East, si Timoer Djaoeh, kang ora santosa amitajer koewi.”

ISINIPOEN.

Oeroen rembag — Filipina lan Indonesia — Jèn makaten owel sanget — Wawasan Journalistik — Djagad Wanita — Dagang Tiong Hoa ndjingkat — Goentingan pers — Kabar saking pakempalan — Minggoe prihatin - Ngahad Paskah — Ontjèn sekar gambir melati — Oerapsari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

P. S. I. I. kalijan Regent Kristen.

Kaseboet ing *Bintang Timoer*, konggrès P. S. I. I. (oet. All Islam Congres Indonesia) ing Soerabaja ingkang dawah 21 Maart 1931, anetepaken pamangghipoen toemrap Regent Kristen kados ing ngandap poenika:

Maloemat.
 Keangkatan seorang regent jang beragama Christen di daerah Djawa Timoer telah menerbitkan sekedar kegemparan dan ragoe-ragoe jang oemoem dalam kalangan rajat istimewa rajkat Islam, maka berhoebong dengan itoe kongres Partij Serekat Islam Indonesia bersidang di Soerabaja dalam beberapa hari jang laloe telah menentoekan sikap dan menetapkan pendapatan jang dimadjoekan dan dimofakati djoega oleh persidangan rapat Al Islam Congres pada hari Saptoe 21 Maart 1931 dengan keboelatan soera.

Jaitoe.
 Bahwa ketentoean dalam dasar hoekoem keradjaan Nederland demikian djoega dalam dasar hoekoem djadjahan ini ternjata bahwa hoekoem negeri tidak menjampoeri oeroesan agama.

Bersalahan dengan itoe adalah pangkat regent atau boepati disini beralasan dengan beberapa oeroesan berkenalan agama jang dikoeasai oleh regent telah mengadakan dan menetapkan anggapan orang ramai, bahwa penggawai besar itoe mengepalai agama dalam daerah peganganja.

Keadan jang sepanjang anggapan itoe telah mendjadi pokok permoesjawaratan dan persidangan M.A.I.H.S. di Bogor pada tanggal 1 sampai 5 Desember 1926 maka berkenaan dengan kepoetoesan-kepoetoesan jang ditetapkan oleh persidangan itoe, telah disiarkan oleh Pemerintah soerat penjaran jang didalamnya terseboet djoega, bahwa tidak ada sesoetoe ketentoean dalam hoekoem negeri atau peratoeran-peratoeran atau perintah-perintah jang menetapkan regent atau boepati mendjadi kepala agama.

Keterangan dari fibah pemerintah itoe berseotoedjoean dengan sikap segala regent atau boepati dalam segala oeroesan djabatannja dan oemoemnja dalam oeroesan kehidoepan diri mereka sehari-hari jaitoe neutral perkara agama.

Keterangan itoe mendapat boekti jang seterang-terangnja oleh keangkatan regent beragama Christen jang mendjadi pokok maloemat ini.

Maka hendaklah diketahoehi dan di-peringati oleh segenap rajat bahwa keangkatan regent atau lain-lain poenggawa atau pegawai negeri tidak berhoebongan dan tidak boleh berhoebongan dengan oeroesan agama.

Maka sangatalah keliroe tiap-tiap paham, jang memberi besaran atau kekoesaan kepada poenggawa atau pegawai pedjabatan negeri dalam oeroesan agama istimewa agama Islam disini.

Dan disiarkan maloemat atas nama P. S. I. I. dan disertat Al-Islam Congres jang bersidang waktoe ini, akan menghapoeskan kekeliroean itoe.

Dados oemat Islam ing P. S. I. I. angakeni pangkat Regent boten samsambetan kalijan agami. Ateges: Indonesiers Djawi Kristen kénging dados regent. — Poenapa taksih wonten ingkang badé tjoemowit malih?!

Prendjak Mataram.

Ing Filipina taksih wonten swanten kados makaten. Sampoen malih ing Indonesia. Poenapa kita boten wanoeh kalijan pambengokipoen Colijn, Treub, l.s.s?

Poenapa kita boten wanoeh kalijan swantenipoen A. Kellenaers wonten Pol. Econ. Weekblad kala taoen kapengker, ingkang anjlekitaken manah, soeraosipoen:

„Sapa wani ngarani, Inlander saiki iki, bisa maréntah déwé? Awit, bisané mranata déwé koewi koedoe kadoenoengan karosaning batin, toememen, kawroeh, binarengan karo pangodi temenan bisané awaké moendak pinter, moendak bregas. Mangka watak mangkéné,

SAKING PAKEMPALAN.

PAREPATAN WARGA K. W. BARA
29 - 3 - '31.

I. Ingkang rawoeh: Rama Satiman, wakil pamaréntah 1, para warga 18 toewin tamoe 7; noenten moendoet melet dados warga sadaja.

II. Parepatan kabikabik djam 9,45.

III. Rembag-rembag toewin poatoesan-poatoesan:

1. Seseloeh dateng para warga wadjib, toedjo, toemindak lan paedah ing atasing tjang ngempal, mawi tjonto warni-warni, ngantos saged nandang (ngangkat) barang-barang awrat, ingkang moerakabi ing katab.

2. Saben warga katetepaken mbajar entree f.0,75 katijil ping tiga, déné kontribusi kadamel oenda-oesoek 5 warni: 5 sèn, 10 sèn, 15 sèn, 20 toewin 25 sèn, awewaton katab-kediking pamedal; taksih tambah nigang sèn katoer P. K. W.

3. Wiwit 1 Mei 1931 ngajom dateng P. K. W. saha njaosaken Statuten dateng K. T. Bisschop Betawi, kanggé njowoewen Geestelijk-Adviseur.

4. Amrih roentoet traping pakoermatan, dipoenembat srana takloeping ingkang inggil ngaketi roemijin dateng ingkang andap lan kosok-wangsoelipoen, lan para sadèrèk goeroe nèm-nèman nadyan taksih djaka pisan, sami kagoengana tindak soemepoeh, sedaja-sedaja kanti ngengeti toelada, Dalem S. Kristoes.

5. Ngawontenaken commissie, ingkang tinanggahan angrembag adegipoen pakempalan: Pangroekti-Laja toemrap gotrah Missie Kalibawang, kapanggoel sadèrèk 7.

6. a) Nemtokaken pakempalan warga kaping 8 ing setahoenipoen, saha rinangkepkan bestuurvergadering.

b) mBenoem sadèrèk: 1. Hr. Soewardja, 2. Hr. Wigjosoedarmo, 3. Hr. Soedjono dados commissie, ingkang kapasrahan, ngrembag kaseoekan wajanjan kanggé K.W. Bara sawewengkonipoen.

c) Noeloengi njadèkaken: boekoe - boekoe wedalan Lectuurfonds Dk. tesbèh, medali lsp.

7. Bestuur K.W. badé setjar amrih tjekat-tjeket ing damel.

8. Djam 1.15 trep parepatan katoetoeop.

Verslaggev. Bara.

si Inlander ora doewé." Poenapa wonten Pol. Econ. Weekblad waoe A. K. boten anjarjosaken panggoedi dateng kamardikan poenika sami kémawon kalijan tindakipoen tjang édan... oetawi kranzinnigen werk? Saja sareng parté V. C. sampoen djoemedoel, swanten makaten poenika saja andarindil. Toer katah Walandi akrab V. C. ingkang la djeng naratjak minggah ing redi Semeroe, ngowoeoh-owoeoh sora, ngoemandang wonten Indonesia lan Nederland: „Adja, ... adja dimardikakaké: Loeloehoer kita anggoné olèh tanah iki kanti rekasa....."

Swanten makaten poenika ing Philippina lan Indonesia, wonten.

Tetijang Philippina anggènipoen anggajoe dateng kamardikan oegi dipoensangkani sarana nata balé grijanipoen pijambak. Boten namoeng aksi keloe ar, oegi aksi mendalam.

Prakawis poenika katitik oegi saking kateranganipoen t. Earl B. Sch wulst, vice president ngiras komisaris „Philippine National Bank (saminipoen Javasche Bank), ingkang ndèrèkaken G. G. Dwight F. Davis andjadjak dateng Indonesia, ing samangjèk poenika. Kala wonten Nagojajakarta t. Schwulst ingkang oegi dados djoeroe rembagipoen G. G. babagan arta, mratélakaken dateng redaktoer s. k. M a t a r a m, soeraosipoen makaten:

„Sanadjan kiwa tengené kaja mangkné, ning saiki iki, ing Philippina ora ana remboeg pandjilklantoeng. Blandjané ambtenaar-ambtenaar doeroeng disoedani, sarta begrooting nagara ija ora tjoepet, sanadjan begrooting 1931 iki loewih tjilik tinimbang taoen 1930. Déné sésoek-sésoek emboeh ora weroeh, ... ning saiki iki kaja mangkono koewi kaanané. Déné kang dadi s e b a b é, marga madjoené Philippina sapérangan

gedé toemindak kanti kapital ing nagara kono déwé. Bèda karo (kanggo madjoené) Ned. Indië, loewih-loewih sadjroné sawatara taoen iki, akèh kapital gedé saka Nederland, Inggris lan Amerika dilebokaké. — (.... want de ontwikkeling van de Philippijnen geschiedt grootendeels met kapitaal uit het land zelf, terwijl daarentegen voor de ontwikkeling van Nederlandsch Indië, vooral in de laatste jaren, groote kapitalen zijn belegd door Nederlandsche, Britsche en Amerikaanse lichamen...."

Prakawis poenika moegi saged saja amboeka manahipoen para pangandjoer ing Indonesia. Perloe koela pratèlakaken ing ngriki, sanget bingahing manah koela soemerep tandangipoen para pangandjoer salebetipoen sawatawis taoen poenika anggènipoen nindakaken aksi mendalam andandosi balé grijanipoen rakjat, sarana ngedegaken bank, kopras, lss. Makaten oegi, sanget bingah koela, déné ing kalangan Katoelik Djawi, nitik kala konggrès P. K. W. kapengker, inggih sampoen sami badé nandang prakawis poenika. Sarta sapoenikanipoen inggih sampoen wonten ingkang sampoen kenging sinawang; kados-déné Hartadaja ing Moentilan toewin Roekti Woeri.....

Makaten sadèrèk gèsèh tjotjog toewin bédanipoen Philippina kalijan Indonesia.

A. S. D.

„JÈN MAKATEN, OWEL SANGET."

Begdjanipoen kok boten makaten.

Karangan koela „BOEDI OETOMO SANTOEN GAGRAG" (Sw. Tm. No. 11, tg. 13-3-'31) sampoen katedak babar pisan ing „Darmokondo" angka 30 (tg. 26-Sawal, '61), mawi kinantilan „Noot" saking Red. D. K. Déné perloenipoen kapetik waoe:

„Kedjawi soepados dados pamanahanipoen ngakatah, poenapa déné sadèrèk Tjepaka, wonten perloenipoen malih bokmanawi wonten warga B. O. ingkang kapareng anggablankaken. Amargi manawi katjoentel, saged kaladjeing-ladjeing dados peteng, ingkang toendonipoen badé anoewohaken panjana-njana ingkang wohipoen namoeng badé damel roeweting sasambetanipoen B. O. kalijan pakempalan sanès ingkang adadasar agama." (Noot saking Red. D. K.)

Iningkang poenika koela matoer noewoen sanget doemateng Red. D. K., déné sampoen karsa paring papan makaten. Mila inggih „gambalang" prekawis ingkang koela betahi. Poenika katjeta wonten ing karangan koela kaseboet ing nginggil; panjana koela „B. O. salin gagrang; nétral dadi anti" poenika taksih nama mengeng, taksih koela kantèni djanggèlan: „amila jèn sadèrèk Tjepaka waoe kenging kawastanan koemandang B. O..." (Sw. Tm. No. 11 oetawi D. K. angka 30).

Kelampahan, ing D. K. angka 34 (6 Doelkangidah, '61) sadèrèk Tjepaka sampoen karsa paring katerangan wonten ing seseratanipoen ingkang asisirah malih: „Boedi Oetomo kalijan agama."

Ing ngriki koela inggih matoer noewoen sanget dateng sadèrèk Tjepaka, déné sampoen karsa paring katerangan; wewah-wewah, déné poen tjéngkok boten ngemoe raos pados dadakan pasoelajan, nanging malah pados roekoenipoen.

Sdr. Tj. ngandika: „Sadèrèngipoen atoe wangsoelan, prajogi koela atoe oeninga roemijin, jèn koela boten pisan-pisan kenging kawastanan koemandang B. O." (Rengganging aksara saking R.)

Margi saking katerangan poenika, goreding pamanaha koela sampoen saged soemèlèh, panjana koela „B. O. santoen gagrang..." sampoen kenging kaboesek. Djer panjana koela waoe lelandesan warni kalih:

1e. orèhanipoen sdr. Tj., ingkang sampoen koela petik ing Sw. Tm. No. 11. Lan ingkang dados kaboeking lelandesan i. p.:

2e. jèn sdr. Tj. kenging kawastanan koemandang B. O. Mangka landesan no. 2 poenika mitoeroet katerangan ing nginggil boten njata.

Dados panjana koela ladjeing dados kirang goematok, pantes kaboesek.

Lan amrih boten ngonggrèh-onggrèh sesambetanipoen B. O. kalijan pakempalan sanès ingkang adadasar agama (awit sesambetan waoe doemogi sapoenika kados katingal saé), oewasing manah koela badé koela sèlèhaken kémawon. Poenapa malih koela ladjeing klilana ngoemipi paksènipoen Red. D. K.: „Sasambetanipoen B. O. kalijan agama poenika ing praktik saking nétralipoen ngantos boten naté ngoetjap ngrasani." (Noot. Red. D. K. kaseboet nginggil).

Amargi: „Ala betjiking wit ikoe katitik saka wohé!"

Namoeng kémawon sdr. Tjepaka ngarsakaken, soepados koela tetepa ngalembana, jèn B. O. amalangi datengipoen agama énggal-énggal ing tanah Indonésiah ngriki. (D. K. angka 34 tg. 6 Doelkangidah, '61). La, poenika koela njowoewen mopo!

Déné larahipoen: Ing Sw. Tm. No. 11 koela ngalem B. O., jèn malangi agama ingkang badé loemebet ing koekoebanipoen;

VAN LITH-STICHTING

JEJASAN
ingkang andjoendjoeng

dradjadipoen gotrah

KATOELIK

SADAJA.

Peningmeester V. L. S.
p/a 2e Convict.
Moentilan N. I. S.

awit poenika nama nglenggahi kanétralipoen.

Ing D. K. angka 34 sdr. Tj. berangaken, jèn koekoebanipoen B. O. poenika tn. Djawi, Madoera, Bali, Lombok sasaminipoen. Malah pangandikanipoen, ing parepatan ageng ing woelan April ngadjeng poenika badé karembag prajogi lan botenipoen B. O. mijaraken wewengkonipoen sa-Indonésiah babar pisan.

Dados jèn mekaten, poenapa koela ladjeing kedah ngalem B. O. kados ingkang dipoenkarsakaken ing sdr. Tj.?

Kados dèrèng, Roeweting prekawis poenika doemoeoeng ing temboeng „koekoeban." Manawi koela moengel: ... loemebet ing koekoebanipoen (B. O.), ing ngrikoe kadjeing koela: „... nglebeti poenapa-poenapa ingkang dados gadahanipoen B. O. (eigendom)." Dados sampoen samestiniipoen manawi koela ngalem B. O., jèn

malangi poenapa-poenapa, ingkang soelaja kalijan kanétralipoen, loemebet ing koekoebanipoen (eigendom). Nindakaken mekaten poenika koela boten badé mandeg mangoe.

Nanging sarèhné B. O. poenika kados boten kenging kawastanan ingkang anggadhahi tanah-tanah waoe, oetawi apesipoen anggadhahi monopolie toemrap ing tanah-tanah waoe, milanipoen koela trimah mopo, jèn koela kaadjak ngalem B. O., menawi B. O. amalangi agama loemebet ing Indonésiah; sanadjan koela ngaosi dateng B. O. Poenika rak nama keladoeken, boten kados mestiniipoen!

Sdr. Tj. wonten ing wangsoelanipoen mawi ngimbeti paring wangsoelan dateng pitakènan-pitakènan koela; ingkang boten dados poking pamanahan koela (Sw. Tm. No. 11), soepados koela legaa ing manah. Bab poenika boten badé koela oetik-oetik. Koela amoeng matoer noewoen sanget dateng sdr. Tj., déné sampoen karsa ngoedi soepados koela legaa babar pisan!

Ing woesana, sadèrèk Tjepaka, soemangga koela atoei njamboet damel sesarengan kémawon, soepados énggal katjepengipoen ingkang dados idam-idaman kita: loehoertoewin rahadjenging bangsa kita ingkang sadjatos!

Pandjenengan rak inggih jakin ta, jèn golongan Katoelik oegi saged ngadjengaken bangsa kita? Jèn dèrèng jakin sajektos, tjobi mriksanana pandamelanipoen missie, oepami, ing tanah Djawi ngriki!

Sampoen! R.

WAWASAN JOURNALISTIEK.

Minangka kanggé njambeti atoe koela wonten ing taman Sw. Tm. no. 6, kepengker poenika, ing riki koela sampoen naté mireng kabar saking sadèrèk koela èstri, jèn tjang badé ngambah wonten ing laladan journalistiek mekaten kedah ansal lan soemerep roemijin bab practisch lan theoretische opleiding (toentoenan lan pengalaman-pengalaman) ing atasiipoen serat kabar poenapa malih bab algemeene ontwikkeling (kawroeh oemoem).

Kanggènipoen practisch lan theoretische opleiding taksih nama angèl sanget anggènipoen badé ngoedi wonten ing tanah Indonesia riki. Kabaripoen, bab poenika sagedipoen ngoedi kedah sinaoe (jèn tjang

djalor) dateng ing Duitschland *), lan jèn tjang èstri dateng ing Djepang, Tiongkok (Peiping) lan Amèrikah Sarékat (Missourie)-] Inggih leres, bab toentoenan saged ngoedi, inggih poenika namoeng srana mawi garan boekoe-boekoe ingkang ngemot babagan journalistiek.

Déné jèn kanggénipoen kawroeh oemoem ing djaman sapoenika sampoen nama gampil pangoedinipoen. Inggih poenika srana boekoe-boekoe oetawi serat-serat kabar.

Nanging moegi kawoeningana. Kanggénipoen kita poetra Katoelik Indonesia ingkang kagoengan karsa remen badé ngambah wonten ing laladan journalistiek, njerat wonten ing serat kabar, kedjawi ngoedi kawroeh oemoem, inggih prajogi boten kètang sekedik kedah priksa babad, gesang saha organisatiening iboe kita Pasmoean Soetji (kerkgeschiedenis, kerkelijke leven en kerkelijke organisatie), djer mannoet pengandikanipoen Soesanta Kangdjeng Santo Rama Pius IX, mekaten:

Zij moeten doordringen zijn van de algemeene katholieke beginselen, volkomen kennen de algemeene richtlijnen en dezer bijzondere toepassingen voor de Katholieke Pers. — dit alles moet hun helder en duidelijk voor den geest staan. Daarbij moeten zij degelijk en breed en diep-godsdienstig gevormd zijn, en een bijzondere studie maken van de Katholieke Actie, die in de Pers een harer voornaamste werken heeft.

Mitoeroet pengandika mekaten, mila leres sanget jèn ta pandjenenganipoen Kardinaal van Roey, Aartsbisschop ing Mechelen (Belgie) karsa nenoentoen lan ngedegaken bond kanggé journalist Katoelik. — Lan saged oegi para missionaris oetawi pandjenenganipoen Rama Redacteur sampoen kagoengan penggalih ingkang kados mekaten, badé karsa paring toentoenan, pepadang lan bond kanggé journalist poetra Katoelik Indonesia.

Noewoen. Aksamanta dénok S. ing Pang.

* Ing Duitschland (Berlin?) wonten pamoeangan kanggé journalist, dipoenwastanipoen Geo-politiek — Laminipoen 7 taoen. (S).

CORRESPONDENTIE.

1) Soemangan karangan sampoen katampi saking: P. Ragil, Petrus Soeradja, D. S. Teoneow Bagelèn, lan J. Koes. Matoer noewoen!

2) Boekoe-boekoe ingkang katampin Redaksi: „Pandji Poetri — Rokemi ni ... II + III. RED.

MINGGOE PRIHATIN — NGAHAD PASKAH.

Sing sapa ndèrèk soesah karo Ingsoen, ija bakal boengah karo Ingsoen.

Kados déné moestaka lan sarira noenggil dados sabadan, makaten raketeng pangoenggilipoen Goesti Jésoes lan Pasamoewan Dalem. Goesti lan Pasamoewan Soetji tansah roemaket kekah tinangsoelan ing katresnan sedjatos. Goesti lan Pasamoewan Soetji toenggil raos toenggil karsa, toenggil lampah toenggil esti.

Sanadjan Hjang Allah-Manoengsa anggènipoen medar katresnan dateng manoesngsa, sarta labet sangsara neboesi dosa, sampoen wiwit timoer mila, nanging sareng ngadjengaken séda teka kados karsa njetakaken labeting katresnan waoe, sarta nerangaken kalawan tjeta awrating sapoe dendaning dosa.

Déné Iboe Pasamoewan Soetji inggih tansah èngèt bab poenika, langkoeng-langkoeng ing MINGGOE PRIHATIN. Pasamoewan Soetji tansah béla soengkawa ngraos-ngraosaken sangsara lan kaprihatosnipoen Goesti. Gegambaran lan wewetjan bab sangsara lan séda Dalem ing Pradjandjian Lami, wonten ing Minggoe Prihatin kados dipoenbèber, dipoendoemoké saking satoenggal. Sinten ingkang ndèrèk lampah-lampah sembahjangan wonten ing Gréda temtoe kados njupati pijambak, lan mireng pangandikanipoen Iboe Pasamoewan Soetji: „Delengen ta Goestimoeng anggoné kasakit-sakit marga tresnal! Oedan tjetjamah lan kawirangan deres toemiba ing salirané; seserik lan kasoehaban soemoentak ing Pandjenengané!"

Ing dinten KEMIS PETAK katresnan Dalem dateng manoesngsa katingal wela-wela sanget. Dinten poenika kenging kawastanan

dinten katresnan, dinten kabinjahan, nanging oegi dinten kasoehaban ageng. Goesti moendoet pamit kalijan moerid-moerid Dalem badé kandoer ing ngarsaning Allah Hjang Rama mawi medal kasangsaran linangkoeng lan séda kasalib. Sasampoenipoen paring pangandika katah-katah, Goesti Karsa tilar tanda katresnan, poesaka ageng minangka tetangsoeling katresnanipoen para moerid-moerid; déné ingkang kaparingaken boten wonten malih kadjawi Salira Dalem Pijambak asesinglon roti lan anggoer. Lebar Bodjana soetji Goesti moendoet roti lan ngandika: „iki Salirakoe." lan nalika moendoet anggoer pangandikanipoen: „iki Rahkoe!" Sareng para rasoel sampoen kadawoehan neda Salira lan Rah Dalem, sarta sasat sampoen toenggil Sasalira lan Goesti, pangandikanipoen Goesti Jésoes dateng para Rasoel wantos-wantos: „Bab iki tindakna minangka pangéling-éling marang Ingsoen."

Makaten goenging katresnan Dalem ngantos karsa tetoenggilan sasalira lan moerid Dalem, djoemeneng korban kawiloedjengan boten namoeng kanggé sapisan lan kaping kalih, nanging kanggé salaminipoen: awit Goesti karsa maringi pangowasa dateng rasoel Dalem nindakaken prakawis waoe kanggé ing salaminipoen i. p. ngladosi Goesti anggènipoen karsa dados korban lan ngbanakan sesarengan, wonten ing Mis Soetji ing saloemehing boemi.

Minangka tanda jekti lan paseksi manawi Goesti karsa ngadogèngaken saliranipoen babar pisan dados korban amrih lilihing

panggalih Dalem Hjang Rama lan leboering dosa, Goesti Jésoes boten namoeng djemeneng korban daharan wiloedjengan, nanging oegi karsa djoemeneng korban pragatan mawi ngwoetahaken rah katabah toemka lan sarira, nemahi sangsara lan séda kapenteng.

Ing dinten DJOEMOEWAH ADI Pasamoewan Soetji kados sareng lan Iboe Déwi Marjah, Iboening kasangsaran lan kaprihatosan, djoemeneng wonten ing poentjaking redi Golgotah. Wonten ing ngrikoe Iboe Déwi Marjah priksa Poetra dalem kalokoran, katingal kebak labet wijar-wijar sami mangap, Salira Dalem biroe èrem goedras rah diwèran tjampoler lan riwé. Para saradadoe pating bebijih sami kasar sroegal-sroegal ngèngèng-èngèng asta lan sampéjan Dalem wonten ing kadjeing mrapat. Ngoemandang ing awang-awang swantening ganden lan pakoe, lan rah Dalem Goesti Jésoes moentjratmoentjarat njirati boemi ingkang doeraka.

Sareng pamentangan kaedegaken Déwi Marjah mireng soerakipoen para mengsahipoen Goesti mawoerahan kados ngorengna djagad. Kados déné pambengokipoen prajoeit ingkang ngedegaken oemboel-oemboel, makaten bingahipoen tjang Parisi lan Ja-hoedi sareng soemerep G. J. goemantoeng ing pamentangan wonten ing antawisipoen boemi lan langit ndrèdes noentas-noentasaken rah Dalem. O. gèk kados poenapa kémawon raosing panggalihipoen Déwi Maria, priksa ingkang poetra kados makaten, toer kadamel wirang, katjetjamah, dipoensawijah lan ka-oendamana katah-katah ing dalem tjang djam laminipoen!

Dinten Djoemoewah Adi poenika dinten kaprihatosan. Kangdjeng Santo Bapa Benedictus IV ngandika makaten: „Ing dina iki „karsané Pasamoewan Soetji, kang loewih-

„loewih, soepaja akoe pada namataké ana „ing ngarepkoe: Goesti Jésoes goemantoeng „ing pamentangan; perloené jèn akoe mangga „weroeh reroeapan ikoe wis krasa kekoewoeng „bandjoer pada njawisaké atikoe nampani „pandoeman wohing paneboes."

Dinten Djoemoewah Adi, dinten kaprihatosan ageng, sareng Goesti priksa jèn wewetjan kaseboet ing Kitab Soetji sampoen kaleksanan sadaja ladjeing toemoengkoel angandika: „wis rampoeng" wasana séda. O. Goesti ingkang karsa toemka lan sarira gandeng lan kaallahan Dalem. Kawoela matoer séwoe sembah noewoen, déné Sampéjan Dalem sampoen karsa labet katresnan samanten agengipoen!

Djagad béla soengkawa, soerja soerem peteng pet, donja gondjeng margi lindoe, padas tjoeang sami bengkah, gebering pradalemman soetji sigar bjak dados kalih; matandani Pradjandjian Lami sampoen moengkasi, Pradjandjian Enggal sampoen kababar. Sinten ingkang loemebet ing Gréda temtoe inggih badé soemerep bélianipoen Pasamoewan Soetji dateng sédanipoen Goesti. Ing altar resik, padjangan dipoenroetjati, tabernakel menga soewoeng, dilah soetji dipoenpedjahi. Prabawanipoen Gréda njenjet sepi, soewoeng mamring, ingkang wonten namoeng kadjeing salib pamentangan soemèndé ing longopaning tabernakel, pratanda Goesti sampoen nemahi séda lan kasarekaken.

Dinten SETOE SEPI Pasamoewan Soetji tekis soengkawa mbélané sédanipoen Goesti, soemaré ing Pasaréjan, nanging sampoen gesang pangadjeng-adjengipoen, saja ageng katresnanipoen lan kandel pangandèlipoen. Awit Goesti tedak dateng nraha panahanan, nglipeoer dateng para leloehor Soetji lan Nabi-nabi, nedahaken lelabetan Dalem lan

gandjaraning sangsara Dalem. Lah minangka wohing Paneboes sampoen katingal, sampoen katandjakaken adamel soeka bingahing para soetji ingkang sami pedjah sadèrèngipoen Goesti; mila wonten ing Mis Soetji dinten Setoe-sepi Pasamoewan Soetji lebar „Gloria" (ngalembana Goesti Allah) sampoen bingah: klinting katabah, lontjeng ageng sadaja sami kaenggelaken binareng swaraning orgel lan menjanjian; sadaja sampoen menangi damel soekaning manah.

Alleluja! Alleluja! Kedjawi poenika dinten Setoe-sepi sampoen mèngeti ingkang kalampahan ing NGAHAD PASKAH bangoen éndjing. Goesti sampoen woengoe saking séda angagem Salira Dalem malih, nanging salira aloes, moerni sampoen lepat ing sakit lan labet. Gilang-goemilang tjahja Dalem, soemoroet katingaling labet waos lan pakoe. Kados makaten gebarjangan Salira Dalem anggènipoen ngatingali Iboe Dalem Déwi Maria lan para moerid-moerid kekasih, paring pikekahing pangandel, indaking katresnan lan genging pangadjeng-adjengipoen.

Alleluja! Alleluja! Makaten soeraking manah bingah. Goesti jektos sampoen woengoe saking séda, lan ngatingali para moerid-moerid Dalem. Dinten Ngahad Paskah poenika dinten kabinjahan tanpa oepami. Goesti oenggoel djoeritipoen kalijan sétan lan donja, karsa paring kapitajan jèn para moerid-moerid Dalem sanadjan kinroeboeta ing bala nraha lan donja inggih badé sasab lan tampi kabinjahan, sarta badé katangekaken saking pedjah.

Dinten poenika ingkang kinarja ing Pangéran, soemangga ing dinten poenika sami soeka-soeka lan bingah-bingah: Haec dies quam fecit Dominus, et exsultemus et laetemur in ea. Alleluja — Alleluja!

Sesorahipoen rara G. Wartinah wonten konggrès P. W. K.

(Sambetipoen Swara-Tama no. 11).

II. Kados makaten tradjanging wanita sanès pradja. Poenapa kita boten wadajib ningali katja-katja benggala waoe, perloe niroe ingkang saé-saé, soepados kita saged madjeng? Bab poenika mila wonten pepalang-pepalangi ingkang moeroegaken dèrèng madjeng oetawi saweg wiwit madjeng, langkoeng-langkoeng toemrapping wanita. Ingkang makaten waoe kasebabaken:

1. Wontenipoen pamoelangan dèrèng dangoe. Tjobji ta koela atoeri mriksani, saweg wonten pinten taoen laré èstri sami dipoenilani sekolah déning tijang sepoehipoen, langkoeng-langkoeng jèn poetra-poetra ning prijantoe Djawi kolot? Lan poendi panggénan-panggénan ingkang sampoen katah pamoelanganipoen èstri, ingkang sampoen nje-kapi?

2. Para wanita dèrèng ngertos dateng goenanipoen sesrawoengan. Liripoen: boten sami mredoeli dateng kempalan, wontenipoen namoeng wonten ing grija. Jèn wonten ingkang poeroen kempalan dipoen-dakwa oetawi kakinten ingkang boten-boten. Awit jèn kempalan poenika temtoenipoen inggih ladjeng sesrawoengan kalijan tijang sanès oetawi malah kalijan bangsa sanès, lah poenika sampoen temtoe kadamel awisan. Mangka tijang poenika sagedipoen mindak seserepanipoen jèn sami sesrawoengan.

3. Ingkang katah-katah taksih sami katekem ing tanganipoen prija. Katah kémawon prija ingkang boten merdoeli dateng betahing wanita toemrapping kamadjengan. Para kawoeng sami moengseng ndatengi saben vergadering, congress-congres, club-club, lezing-lezing lan ngoedi kawroeh warni-warni lsp.

Nanging kados-poendi tijangipoen èstri wonten ing grija. Namoen goeok-tengoeok, momog anakipoen, njengka-njengkanipoen sanget njerat (mbatik). O inggih sampoen mestinipoen manawi para èstri kedah ngreksa bab tjlekoetikaning grija lsp. Djer poenika malah ingkang no. 1. Soepados boten seling-serap koela kaparenga nerangaken sakedik. Koela kados taksih kemoetan isining salah satoenggiling koran, ingkang oegi ngemot bab kamadjenganing wanita, nanging jèn kagatosaken èstoe, saking pamanggih koela, wosing isinipoen koran waoe malah damel moendoering bangsa wanita ing atasing koewadjaban kita tijang rerajatan. Inggih ing bab balé grija lan panggoela-wentahing poetra. Tradjanging makaten waoe, kénging koela seboetaken: sanès gagrag djaman kema djengan, nanging pergerakan djaman kema djon. Ing ngrikoe jèn karingkes ngemot bab ingkang merendahkan bangsa wanita ingkang malah netepi wadjabing tijang rerajatan. Namoen mligi ngadjengaken Politik², ngantos kesoepeñ sadaja ingkang dados ajahanipoen. Menggahing wanita sanadjan sampoen kandas ing kawroeh, moepoeni ing sadajaning kawroeh Politik², jèn tinakénan artikel² pinten² bab saged nerangaken kanti ngèsès. Nanging jèn kapoerih betak, lepatipoen mba-del inggih sangit. Lo, ingkang makaten waoe rak inggih saroe, ta, ing atasing wanita ? ? ? ? ? ? ? ? ? ?

Koela inggih boten ngawon-awon wanita ingkang bangkit ing prakawis Politik oetawi toemoef ngrembag prakawis waoe, poenika babar pisan boten. Malah jèn sampoen wonten katah ingkang saged soekoer!!! Nanging namoen njaosi atoer, sampoen ta ladjeng kesoepeñ dateng wadjabipoen ingkang perloe pijambak. „Eerst het noodzakelijke dan het nuttige dan het aangename!“ Makaten oengeling babasan Wlandi. Dados ing ngriki ingkang badé koela atoeraken ladjengipoen wanita ingkang sampoen tjepak betahipoen. Rak inggih betah oegi bab tradjanging sanèsipoen, ingkang maédahi kadosta: bab ndatengi lezing², kempalan², ngoedi kawroeh² ingkang migoenan lsp. Dados sadjatosipoen jèn wonten prija ingkang namoen ngoedi kawroeh amrih kamadjenganing pijambak, mangka sajektosipoen saged ngadjengaken ingkang èstri, poenika nama boten madjeng. Malah terkadang wonten ingkang kagoengan pangandika: „Wong wadon arep koempoel-koempoelan, arep mèloe noenggoni lezing-lezing, koe-wi gèk arep ngapa, mbok ja oewis nrima ana ngomah, momong anaké, rak ja wis, ora soesah kakéjan kok-kikik.“ O, para sadèrèk poenika nama boten madjeng, malah merendahkan kita bangsa wanita. Djer sampoen koela atoeraken jèn wanita lampahipoen ing bab pergerakan kedah sareng kalijan prija. Poenika

kados oepaminipoen tradjoe. Jèn kamadjenganing wanita ndjomplang minggah tanda kawon, temtoe boten saé kedadosanipoen. Dados kararah sageda sami, temtoe badé boten ngoetjiwani.

(Badé kasambet).

ÉKONOMI.

DAGANG TIONG HOA DJINGKAT?

Tetemoengan ing nginggil poenika koela pendet saking artikelipoen M. Andaja ing W. ing Sw. Tm. no. 47 th. 10 ingkang medal kala tanggal 21 Nov. 1930. Teroesipoen wonten oeng-el-oengelan malih: „Awit dajanipoen importeur meken waoe jèn saged kaleksanan saèstoe, saged medjahi babar pisan dateng penggautan para ahli dagang (Tiong Hoa). Poenapa ingkang makaten waoe njata badé kelampahan, kita prajogi mèndel roemijin.“

Kanti regag-regag anggèn koela badé nrombol prekawis poenika, mbokbilih dipendoekani kamas Andaja, awit ing ngrikoe wonten pepatjoeh: . . . kita prajogi kèndel roemijin.

Éwasemanten koela meksa badé wiwit.

Karanganipoen kamas Andaja panjawang koela mila ngoewatosaken kanggé bangsa Tiong Hoa (dagang). Tjobji kaastaa malih Sw. Tm. 47 + 48, noenten kawaosal Margi artikel poenika koela oegi nggadahi kajakinan, bilih wekdal poenika dagang bangsa Tiong Hoa sampoen sami prihatos sanget. Margi poenapa?

Margi saking dajaning malaise lan ihtijariipoen bangsa kita anggènipoen badé memoelih kotonging kantong Indonèsia.

Ing poendi-poendi koela mireng omonganipoen tijang ahli dagang lan bangsa Tiong Hoa pijambak, bilih pedaganganipoen Tiong Hoa wonten ing t. Djawi roemaos kantoen tijjoet marginipoen. Kénging koela wastani kantoen ambroekipoen.

Koela mireng pawartos bilih kala tanggal 20 Maart ing kita Magelang wonten toko gadahanipoen bangsa Tiong Hoa kalih sami katoetoe margi bangkroet (palliet?). Sababipoen margi boten saged stor regining dagangan. Mangka toko waoe inggih boten namoen alit-alit kémawon, tijang pawitanipoen inggih éwon-éwon; kados poenapa soesahipoen? Tangga-tangganipoen ngantos boten (dèrèng) wani nglajat srana nglélang barang daganganipoen, kabekta melas lan boten tegelipoen.

Toko ingkang ageng pijambak ing kita Magelang kelair dateng bangsa kita, njrijosaken jèn kawontenanipoen dedagangan boten njengaken. Sampoen malih angsala bati, saweg saged mbajari koeli lan neda sadinten-dintenipoen mawi pepadjenganing dagangan kémawon, sampoen matoer noewoen sanget dateng Pangéran. Bati malih batia, saweg boek saged njetoraken jatra sareginging barang saking pabrikipoen kémawon sampoen nama karahajon. Manawi katarik paos ladjeng mendet jatra saking poendi? Mangka paosipoen warni-warni katah, lah inggih kabajar saking poendi? Menawi pinoedjoe mekaten poenika toewan oetawi njonjah toko saweg nbridili. Tjéléngan lan simpenanipoen ingkang pengaos (mas, inten) sami kanggé ngetopi roemijin. Lan trijosipoen menawi mening djaman kados katen poenika 1 taoen, 2 taoen, 3 taoen boten poenapapoenapa. Mandar pijambakipoen tjrijos, salebetipoen 5 of 6 taoen taksih saged gesang tokenipoen kanti boten kasoemerepan ing tijang sanès. Djalaran daganganipoen adjeg, nanging sadjatosipoen soedanipoen malah katah.

Bangsa Tiong Hoa ing Grabag (Magelang), margi gesangipoen na-

moeng srana bebakoelan, samangké sami pating pengkirik, djalaran ladjeng wonten tijang boemi ingkang ngedjori ing bab panoembasipoen pamedal siti gadahanipoen tijang ing ngrikoe.

Samangké katah toko Tiong Hoa ingkang pamboetjaling daganganipoen kentjèng oetawi mindring reginipoen sami kémawon. Oepami barang regi f 7,50; kentjèng inggih pitoeng roepijah setengah, mindring inggih tigang ringgit.

Poenapa sababipoen kok gadah réka mekaten?

Namoeng daja-daja soepados barang dados woedjoed jatra.

Ing nginggil koela sampoen matoer jèn bangsa Tiong Hoa ing Grabag sami pating pengkirig. Keterangan jang pandjang begini:

Grabag kita kawedanan, agenging kita kawon sakedik kalijan Moentilan. Réhning kita pèrèng, dedagangan ingkang ageng ing ngrikoe inggih pamedal siti (sabin lan tegil) ing sakiwa-tengenipoen. Pamedalipoen ingkang ageng: gabah, djagoeng, sata. Bawah Grabag oegi katah pamedal kopi lan fanili.

Manawi pinoedjoe mangsanipoen ngoendoeh salah satoenggiling pamedal para Tiong Hoa sami ajon noembas sadéjanipoen tijang doesoer kanti mirah. Wekdal poenika babah-babah waoe nedyo noembasi djagoengipoen sanak ndoesoen.

Begdja déné wonten satoenggiling loerah doesoer ingkang nggadahi mesakaken soemerep aosing djagoeng wosé 1 datjin namoen katoembas f 0,80.

Kala samanten ngadjengaken bakda. Katah sanget tijang tani selak betah jatra. Mas loerah ingkang ambek welas waoe toeroes toemandang, njegati tijang sadé djagoeng nedyo katoembas. Sawontenipoen djagoeng sadaja katoembas, sadatjin f 1, — (saroe pijah). Doemoegi samangké mas Loerah kasbat taksih nampi djagoeng. Menawi babahipoen mindak, mas Loerah oegi noetoe; samangké djagoeng sadatjin ing patjinan regi f 1,45, mas loerah noembas f 1,60.

Ta, poenapa boten éring babah Grabag?

Bawah Grabag wonten tijang sawatawis (1, 2, 3, 4) ingkang ndjempol, wani nandingi Tiong Hoa Grabagan. Manawi poeroen koerda saged medjahi peken saèstoe. Tiong Hoa Grabag ééé sida mlongo sanalika.

Loerah ingkang koela atoeraken waoe sampoen naté ngebroekaken panggautan meres soesoer ing Patjinan Grabag ingkang katoentoenganipoen setaoten-taotenipoen boten kirang saking f 260 (kalih atoer soewidak roepijah). Srana dipoen-djori meres, lemboe-lemboe pohan gadahanipoen Tiong Hoa waoe ladjeng kasadé dateng loerah waoe.

Nitik ingkang kados mekaten saepami Grabag wonten djempolan ingkang saged nggoehaken pamboetjaling asil boemi dateng ingkang mbetahaken boten mawi lantaran Tiong Hoa oetawi bangsa sanès, tartamtoe kantong Indonesia énggal kebak.

Koela saged pinanggih kalijan loerah waoe. Wah, pantjèn bregas toedjoenipoen (djangkanipoen). Pijambakipoen ngangkah soepados pedagangan ingkang ageng-ageng poenika sageda ketjepeng ing tangnanipoen bangsa Djawi (Indonèsiers) pijambak.

Pijambakipoen gadah kajakinan saepami wonten ingkang nedahaken: „Nèk adol kopi ki njang ngendi, nèk mbako ngendi, fanili ngendi lan enggoné sapa, adrèse keprijé, rékané ngirim keprijé? O, ora soesah kakéhan teori, ditjontoni baé. Wis mesti pametoer Grabag kang saiki angram ikoe noeli dadi doewit éwon-éwon. Eman banget déné ora weroeh enggoné sing boetoe, ndjalari barang kang pantjèna regané akèh, dadi nganggoer nèng simpenan.“

WOS DJEPANG.

Djepang! Djempolipoen bawana sisih Wétan. Pantjèn tjak-tjek sanget anggènipoen toemandang amrih komboeling nagarinipoen. Pentjaking ékonomi-nipoen pantjèn memet.

Nembé poenika koela njerat prakawis batik Djepang neba dateng tanah Djawi. Sapoenika, . . . kawartosaken badé wonten doen-doenan oewos 5.000 karoeng saking Djepang dateng Lombok.

Gangs al ewoe karoeng! Kanggé wetengipoen bangsa tetijang ngriki ingkang katjarjosaken bakoening panggautanipoen dados tani!

Mila boten maiben manawi warga Volksraad t. Soekawati kala 26 Maart poenika miterang dateng regeering, soeraosipoen makaten:

„Bapa regeering! Manoet tjarijosipoen Het Nieuws van den Dag kala 6 April, sakedap malih ing Mataram (Lombok) badé wonten baita Djepang dateng ambekta wos kanggé tetijang ngrikoe katohipoen 5.000 karoeng. Mangka wos ing ngrikoe sampoen njekapi, lan inggih saged njadé medal barang! Toer panénan taoen '31 katingal njenengaken. Sapoenika koela miterang, wos samanten waoe pantji sampoen dipoen-oedoeraken, poenapa saweg badé kadoenaken? Ladjeng poenapa bapa regeering manggalih badé andoewa loemebeting wos Djepang waoe? Awit manawi kalad-jeng-ladjengaken boten sandé andesek regining oewos Lombok, satemah andjalari soesahing tijang alit, langkoeng - langkoeng ing djaman malaise poenika.“

Makaten pitakènipoen warga Volksraad Soekawati.

Leres sanget pitakènipoen warga Raad Kawoela waoe. Awit mlebeting wos mantja wonten ngrikoe, boten sandé angedakaken regining wosipoen tijang siti pijambak.

Koela atoeri mriksani tjatetan ing ngandap poenika. Mangké pandjengnan mangertos, manawi lebeting wos waoe kalad-jeng-ladjengaken mesti badé damel saja rekaosipoen tijang alit.

Toewan H. Beeuwkes resident Bali lan Lombok nembé poenika njarijosaken dateng wakil Aneta makaten:

„Kaananing ékonomi ing kono katon saja noesahaké. Sing mangkono maoe ora moeng marga mloring reregan. Nanging oega marga mloring adjiné doewit kono kang djeneng kèpèng. Bijèn, toekoe 1200 kèpèng koewi padané wis toekoe f 2,50. Nanging saiki nèk arep ambajar saringgit, koedoe 1600 kèpèng. Barang-barang kang kawetokaké saka tanah kono ija soeda. Kajata radja kaja, bijèn sasasi-sasiné ing Boelèlèng ngirimaké radja kaja 3000, saiki moeng 5—600 san, toer regané mlodot banget. Kopi bijèn sadatjin f 70, saiki f 30.“

Makaten kateranganipoen resident Bali lan Lombok waoe. Dados ékonomi ing ngrikoe pantjèn saweg boten saé. Tetijang alit kantongipoen saja kotong blong.

Ladjeng, verslag „Volkscrediet-instellingen van Nederlandsch Indië gedurende 1930“, inggih njarijosaken kawontenaning ékonomi ing ngrikoe sakalangkoe noesahaken.

Ing ngriki poen panjerat adreg sanget nedyo mitoloengi, nanging réhning boten ketjonggah dados namoen nedyo nglantaraken panedaniipoen loerah waoe dateng para maos, langkoeng-langkoeng dateng

Manoet verslag poenika, pangasilan kopra, kopi lan wos mlodot sanget. Aosing poenapa-poenapa ingkang kawadalaken saking ngrikoe salebetipoen sadasa woelan ing taoen 1930, ratjakipoen namoen wonten f 504.000 sawoelan. Mangka kala 1928 ratjak f 970.000, taoen '29: f 852.000. Dados mlodotipoen salebetipoen sataoen langkoeng saking 40%.

Uitvoer koprah inggih medak. Taoen 1928 wonten 1906 ton; taoen '29: 1597 ton, ladjeng taoen '30 ratjak 476 ton ing dalem sawoelan.

Aosing radja kaja ingkang kawadalaken mlodot 34%

Regining wos oegi medak sanget, déning kedesoek wos saking djawi, ngantos katah tijang ingkang boten poeroen njadé wosipoen. Verslag waoe njarijosaken: „katawis sanget ing ngrikoe kekirangan arta“; „Er heerschte dan ook merkbaar geldgebrek.“

Ing Bali Kidoel katjarjosaken katah tijang angantosaken sitinipoen kanti regi mirah, oet. kami-rahaken. Kadjawi poenika inggih katawis medaking pangaosipoen kèpèng. Manawi tijang ambajar saringgit, kedah ngadalaken arta kèpèng langkoeng 28% tinimbang waoe-waenipoen.“

Doemoegi samanten pametik koela verslag kaseboet ing nginggil.

O, poenapa boten adamel prihatosing manah? Koela ngadjeng-adjeng moegi invoer wos wonten tanah ngrikoe, boten kalad-jeng-ladjengaken. Kedah kadoewal

Ing Indonesia pantjèn kebak barang-barang mantja. Lan barang² waoe wonten ingkang saged kadamel oetawi kaolah wonten Indonesia déning Indonèsier pijambak. Barang-barang waoe inggih wonten ingkang artosipoen angedjori barang damelanipoen tijang alit. O, nasib!

Oelam kita dipoenpendet tijang mantja.

Karèt kita dipoendesek karèt mantja.

Batik kita dipoen-djori batik mantja. Wos kita badé dipoensoer wos mantja.

O, nasib!

Bokmanawi jèn kita boten awas, bédjeng kalampahan, badé namoen tengoeok-tengoeok; bédjeng badé barbar pisan boten gadah poenapapoenapa. Awit: beras ora soesah nandoer déwé, wis disedijani saka Djepang, Saigon, lan pabrik-pabrik teboe ing Indonesia kang kawartakaké oega arep mabrik beras. Badé nganggé sindjang, boten soesah kedoengsangan amatik, sampoen wonten batik Djepang lan Éropah. Badé misaja oelam ing saganten, o, boten soesah, tijang Djepang sampoen mrantasi, pirantosipoen sarwa saé angsalipoen katah. Badé nganggé djas, boten perloe andjaroemi pijambak, gerdji mantja sampoen wonten

O, étja inggih dados Inlander poenika?

Poenapa lepat manawi toewan Welenstein wonten Raad Kawoela njarijosaken: „Ing bab ékonomi tanah Noeswantara tetep goeman-toeng ing tanah mantja?“

Kumuningsaselé 29 Maart '30. Taklim Patjar Merah.

M. Andaja ing W.

Samanten roemijin mindak ngebak-ebaki papan.

Teksih wonten sambetipoen. S. S. DH.

— o —

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.

INDONESIA.

— *Missionaris énggal.*

Tg. 28-3-'31 mentas tedak saking Negari Welandi missionaris-missionaris: Pandjenanganipoen Exc. Mgr. Pacificus Bos kalijan Rama sanèsipoen 5; Br. Br. 2; Zr. Zr. 9. Rama 1 kanggé bangsa Batik; makaten oegi kanggé bangsa Dajak.

— *Tempoeran (Magelang) boten poeroen kompèren!* M. H. martosaken: saben malem Djoemoeah kaping kalih dipoenwontenaken woelangan, manggèn ing grijanipoen sdr. M. Hadjoewono. Malem Djoemoeah kaping kalih ingkang kapengker poenika kanggé nerang-nerangaken ijasanipoen sdr. Katoelik Djawi; ingkang kedah dipoentjontoni toewin katoeloengan. Sdr. Katoelik Djawi ing Tempoeran sanalika inggih ladjeng toemandang. Moegi saja mindak anggreget!

R. K. N. S. énggal.

Sanget andadosaken renaning pangalihipoen para Rama - Rama sarta Fraters, déné mbédjeng tanggal 1 Djoeli 1931 poenika sampoen kaprajogékaken ngadegaken „Normaalschool“ kanggé benga Djawi, mawi kakantjanganipoen ingkang witjaksana kangdjeng toewan Directeur O. en E. Déné ingkang badé dados Directeur - ing pamoelangan waoe, padoeka toean Fr. Augustinus, ingkang samangkènipoen taksih dados pangagenging R. K. H. I. S. ing Malang. Goeroe ingkang badé mbantoe pandjenanganipoen oegi sampoen wonten toer djempol oegi. Mangga sinten?

Sadaja poenika waoe damel gambiraning sadèrèk kath. Djawi ing Wétanan, roemaos badé mindak kajatanipoen. O, moegi Goesti kersaa ngloebèraken sih Dalem, soepados jajasen ing nginggil poenika sageda widada ngrebda wohipoen.

R. K. MULO
ing Ngajogjakarta (Kampementstraat).
ing Soerakarta (Mulo-weg Poerbajan).

Iksamenan loemebet dados moerid wonten ing tanggal 4 Mei, djam setengah woloe éndjing.

Penjoewoenan dados moerid ingkang tanpa verklaring, dipoensoewoen loemebet sadèrèngipoen tanggal 1 Mei; ingkang mawi verklaring dipoensoewoen loemebet sadèrèngipoen tanggal 1 Juni.

Penjoewoenan dados moerid ing H. I. S. Soerakarta lan H. I. S. oetawi Schakelschool Ngajogjakarta, dipoenadjeng-adjeng sadèrèngipoen tanggal 1 Juni.

DE DIRECTEUR DER
CANISIUSSCHOLEN.

